



Mudikani

mwedzi uno tiri kupembera nemadzimai pasirose zuva remadzimai. Chinangwa chezuva RaMadzimai gore rinoi chinoti “Ivai noushingi kuunza shanduko”.

Ndakatanga kufunga zvemadzimai emubhaibheri avo vaiva noushingi vakaunza shanduko. Madzimai airaramira Mwari uye nokushandira Mwari vachishandisa matarenda avo nemabasa. Mudzimai anouya mupfungwa dzangu ndiDhibhora aiva muporofita wechi dzimai – mutongi watino wana mubhuruku raVatongi (4:1–24).

Dhibhora ndiye ega mutongi wechi dzimai akataurwa mubhaibheri. Akataurira Bharaki kuti Mwari wevalsiraeri akurudzira kuti atungamire kurwisa mauto amambo. Bharaki aiva achitya kuteerera Mwari, asi Dhibhora akamu rangaridza chidzidziro chzMwari. Dhibhora aiva mudzimai aiva noushingi kuunza shanduko.

Zvinyi zvatingaita kui tive madzimai oushingi kuunza shanduko? Tazvipira here kuva inzwi remadzimai avo vakanyarara? Tazvipira here kurwira shanduko yemadzimai avo vari kushungurudzwa uye kurasiwa munyika yanhasi? Kunamata nokutsvaka uchenjeri hwaMwari uye simba kumirira avo vakanyarara nokushungurudzwa.

Mudzimai wega wega akasikwa nemufananidzo waMwari. Katibataneyi apo tino namatira ushingi nokunza shanduko. Tive madzimai anotenda muna Mwari nokuziva kuti ndiMwari weminana. Ngativei madzimai anotenda kuti Mwari vano ona zviri kuitika kune vamwe vedu. Tive madzimai vanopa nguva, kushandisa matarenda, nezva vanazo kubatsira shanduko munharaunda dzavano gara, misha, madhorobha nenyika vachiitira Jesu.

Nhasi, patiri kusangana tichi namata, tibatirane nemadzimai pasi rose vari kunamatira ushingi kuunza shanduko. Ndepapi pari kudiwa ushingi? Ndiyani uyo Mwari ari kukudana kuti uture naye kuvarangaridza zvimvimo zvaMwari uupenyu hwavo nhasi?

Tiri vanasikana vaMwari, vakadaidza kunamata nokuva vashingi kuunza shanduko mumoyo yemadzimai pasi rose. Moyo wangu uno rwadziwa pamwe chete newako apo tiri kushingaira mukutenda kwedu netarisiro yekuti vashinji vacha batana nomwoyo waMwari zvichi burikidza naJesu mwnakomana wavo.

Muna Jesu moyo yedu inofara,

Peggy Banks
Mutungamiri
weTWR Women Of Hope/Project Hannah